



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 5/9/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KE YO DEPASE REKÒ PATISIPASYON NAN GWO
FWAR ETA NEW YORK POU ANE 2016 LAN**

***Pi Gwo Foul Moun nan 175 An Istwa, Ki Te Atire Gras A Envestisman \$50 Milyon
Dola Pak Ekspozisyon an, ak Kanpay Piblisite Mwen Renmen New York
(I Love New York) ki te koute \$1 Milyon Dola***

***Gouvènè an Remèt Prim Kat (4) Tikè Antre Avi Bay Vizitè Nimewo 1,011,249 Ki te
Pèmèt Etabli Rekò an, Ki Te Pase Antre a 10:11 AM Jodi a***

***Patisipasyon Jiska 20 Pousan An Plis Ke Ane Pase; Ki Depase Pandan Twa Jou
Rekò Patisipasyon an***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jounen jodi an ke Gwo Fwar Eta New York pou ane 2016 lan te jenere pi gwo nivo patisipasyon depi 175 an istwa li an, ki depase plizyè rekò pandan douz jou òganizasyon li yo. Bò 4 p.m jounen jodi a, yon rekò 1,096,524 vizitè te pase nan pòt prensipal Fwar la ke yo te reyamenaje an, epi bat rekò anvan an ki te 1,011,248 vizitè ki te etabli an 2001. Gouvènè Cuomo, ansanm ak ofisyèl leta ak lokal yo ki te ede garanti investisman ki te nesèsè yo pou ka reyisi fè devlopman Pak Ekspozisyon an gras a travay yo pandan plizyè ane ki sot pase yo, yo te make rekò an lè yo te kraze yon blòk glas ki te gen fòm rekò anvan an, pandan yon selebrasyon nan Chanm Anpir Fwar lan. Gouvènè an tou te remèt prim kat (4) tikè antre avi ak yon pakèt kado ki gen rapò ak Fwar lan bay vizitè nimewo 1,011,249 ki te pèmèt etabli rekò an nan Konte Onondaga.

“Gwo Fwar Eta New York lan se yon gwo tradisyon New York ki atenn yon nouvèl etap fondamantal nan istwa istorik li ak nouvo rekò patisipasyon ane sa”, **Gouvènè Cuomo te deklare**. “Nou te fikse yon objektif pou Fwar la – jwenn yon milyon moun k’ap vini epi viv eksperyans transfòmasyon san presedan an, epi nou pa sèlman atenn li, men tou nou monte pi wo depase li. Mwen felisite ganyan ki pèmèt bat rekò an jodi an ki te resevwa tikè antre avi nan Fwar la, epi mwen ankouraje tout Nouyòkè yo pou vin eksperimante selebrasyon long dire sa ane pwochèn.”

Fwar lan te resevwa pi gwo foul patisipasyon nan istwa li, epi etabli 3 nouvo rekò patisipasyon chak jou lè li te sou wout pou depase rekò patisipasyon total la. Lè kantite final moun yo fin antre apre pòt yo fin fèmen aswè a pou sezon 2016 lan, kantite patisipasyon an pral ogmante de 20% an plis ke patisipasyon ane pase an, epi de 10% an plis ke pi wo nivo depi toutan, ki te etabli an 2001.

Fwar Eta a se yonn nan atou ekonomik ki pi enpòtan pou New York Santral, epi yon pi gwo patisipasyon sa vle di plis moun ap depanse lajan nan zòn lan. Fwar lan te jenere anviwon \$100 milyon dola chak ane nan ekonomi lokal la, epi anboche plis pase 2,800 moun pandan Fwar la ap òganize.

Ganyan yo – ki se yon fanmi ki gen kat moun – pral resevwa yon Valiz Kado Gwo Fwar Eta New York, ki gen ladan kat (4) tikè antre avi nan Fwar lan, braslè Tikè Antre Mega yo pou Wade Shows Midway ak aksè Tikè Antre Lò, ki ap pèmèt ganyan yo monte san limit nan jwèt pak yo, kupon manje ke yo ka itilize pou achte nan men nenpòt machann Fwar yo, de (2) tikè pou ale nan konsè ke yo vle nan ane 2017 la nan Anfiteyat Lakeview (Lakeview Amphitheater), ak yon panye kado “Taste NY” ki plen pwodwi ke yo fè New York.

Gen de (2) semèn de sa, Gouvènè Cuomo te lanse rekèt pou jwenn yon milyon vizitè nan jou ouvèti an, ak yon seremoni koupe riban pou selebre revitalizasyon istorik \$50 milyon dola Pak Ekspozisyon an, ki te ede atire patisipasyon ki te etabli rekò ane sa, nan okmante yon fason konsiderab eksperyans vizitè yo.

Modènizasyon yo gen ladan yo yon nouvell Pòt Prensipal, ki raple pòt prensipal ki te akeyi moun ki renmen al nan fwar yo nan ane 1900, plis espas lib, wout pou mache ap bèl jaden nan tè yo, chèz adisyonèl ak lonbraj, yon Espas Amizman ki pi laj ki fèk fin rekonfigire, yon nouvo Pakin Karavàn RV ki gen 315 plas, ak amelyorasyon enfrastrikti anba tè yo. Amelyorasyon enpòtan sa yo se fondasyon pou reyisit fiti ak kwasans ekonomik nan rejyon an, pliske Fwar lan ap travay pou vin yon etablisman ki gen plis demann, ki gen plizyè fonksyon pandan ane an.

Senatè John DeFrancisco te deklare: “Pliske mwen te konn ale nan Fwar lan depi mwen te yon timoun, sa fè mwen anpil plezi pou mwen wè li kontinye vin pi gwo epi pi byen fèt. Yon gwo pati nan reyisit li se gras a travay di Direktè pa Enterim lan ki se Troy Waffner. Kounye a pou atenn lòt nivo an, nou dwe epi nou pral koute tout sikjesyon yo ke moun ki renmen ale nan fwar yo te fè nou ansanm ak machann yo, pou kapab kontinye itilize finansman yo pou bon jan objektif yo. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo pou jefò li yo epi mwen espere travay ansanm avèk li pou ke nou kapab bat pi plis rekò ankò nan Fwar lan pou ane k’ap vini yo.”

Senatè David Valesky te deklare: “Envestisman \$50 milyon dola Gouvènè Cuomo an pou transfòme Fwar Eta a, li senbolize kwasans ke n’ap chèche a atravè Syracuse ak nan tout New York Santral. Fwar lan se yon pati entegral nan devlopman atou ekonomik nou yo atravè rejyon an, epi pou kreye nouvo atou. Mwen rekonesan poutèt nou geneyn yon Gouvènè ki konsantre sou pozisyonman rejyon nou an, epi nan favorize fòs nou yo pou kwasans pèmanan. Mwen espere travay ansanm ak patnè nou yo ki nan gouvènman, pou nou kapab kontinye ak dinamik sa pou ane k’ap vini yo.”

William Magnarelli, ki se Manm Asanble, te deklare: “Fwar Eta se te yonn nan pi gwo motè ekonomik New York Santral yo pandan plizyè jenerasyon. Pandan plizyè ane, de santèn milye moun te vin nan Syracuse chak ane pou amize yo pandan douz jou ki gen sa ki pi bon ke New York gen pou ofri. Etap enpòtan sa se evidans enpak transfòmatif revitalizasyon ane sa, epi mwen remèsye Gouvènè Cuomo pou lidèchip li,

tenasite li, ak vizyon modèn li an pou Fwar lan ki te pwouve ke moun ki opoze yo an yo pa gen rezon, epi demontre kisa ke nou kapab akonpli ansanm. Mwen espere wè reyisit Fwar lan vin pi gwo ankò pou ane k'ap vini yo.”

Pamela Hunter, ki se Manm Asanble, te deklare: “Fwar Eta New York lan vin pi bon ke tan lontan, epi etap enpòtan ki etabli rekò sa se yon prèv pozitif relans li an. Anba lidèchip Gouvènè Cuomo an, dinamik Fwar lan te atenn nouvo nivo – epi sa se jis kòmansman an. Vitalite Fwar lan ki te renouvle an li toutotou nou, epi li klè ke ikòn New York sa pral rete yon tradisyon pèmanan nan eritaj eta nou an pou jenerasyon k'ap vini yo.”

Joanie Mahoney, ki se Chèf Ekzekitif Konte Onondaga, te deklare: “New York Santral nan pi bon, pi briyan pozisyon ekonomik gras a revitalizasyon Gouvènè Cuomo an nan Pak Ekspozisyon an. Prèv la nan kantite rekò moun ki te vin amize yo nan nouvo Fwar lan, epi pral gen plis prèv pandan plis evènman k'ap vin òganize nan Pak Ekspozisyon an, epi sa ki ekziste deja yo gen mwayen pou devlope.”

Komisyonè Agrikilti Eta, Richard A. Ball, te deklare: “Nou gen anpil bagay pou nou selebre pliske ane sa make yon pwentounan nan Fwar lan avèk reyalizasyon nouvo amelyorasyon imans Gouvènè an yo, ki vin konplèman ak fokis pèmanan sou kèk nan tradisyon onorab nou yo ansanm ak agrikilti, ki fè Fwar lan vin tounen yon pi bon eksperyans ankò pou moun nou yo ki renmen ale nan fwar depi lontan. Se yon moman enkwayab pou Gwo Fwar Eta New York pou ane 2016 lan, epi mwen pa te ka pi fyè de tout fanm ak gason nou yo ki te travay di pou ede nou reyalize li. Nou gen yon ekip eksepsyonèl ki te konsakre yon pakèt tan pou fè Fwar sa vin non sèlman pi gwo fwar nan eta a, men tou pi gwo fwar nan nasyon an.”

Troy Waffner, ki se Direktè Pa Enterim Fwar lan, te deklare: “Soti nan renovasyon istorik yo, pou rive nan ajou nouvo machann manje ak nouvo atraksyon yo, sa se te reyèlmam pi gwo Fwar nou jiskaprezan. Gouvènè Cuomo te etabli yon gwo objektif pou nou, epi nou te lite pou kapab atenn li. Okenn nan bagay sa yo pa t'ap posib san moun fidèl nou yo ki renmen ale nan fwar yo, ki te vini amize yo nan Fwar lan chak ane. Nou gen anpil chans genyen de vizitè lwayal, epi nou te kontan anpil akeyi anpil nouvo vizitè ane sa.”

Apwopo Pak Ekspozisyon Eta a

Kote yo fè Gwo Fwa Eta New York la se yon konplèks pou spektak ak espozisyon ki mezire 375 ak eki fonksyone pandan tout ane a. W'ap jwenn yon [pwogramasyon evènman yo pandan tout ane an](#) ki disponib sou [sitwèb](#) Fwar la. Ou kapab jwenn [Gwo Fwar Eta New York la sou Facebook](#), swiv li nan [@NYSFair sou Twitter](#), sou Snapchat nan nysfair, epi pwofite gade foto Fwar lan yo sou [Flickr.com/photos/nysfair](#). Epitou, nou ankouraje Nouyòkè yo pou voye nenpòt lide yo genyen sou Gwo Fwa Eta New York lan nan adrès imèl sa statefairideas@agriculture.ny.gov.

###